ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№4 (21.412) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 15, махуэку ● ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым

Бизнес мурад нэхъыфІхэм сом мелуани 4,6-рэ хухахащ

КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым вэсэмахуэ иригъэкІуэкІа зэІуцІэм «Бизнес мурад нэхъыфІ-2008» щІалэгъуалэ зэпеуэм хиубыдэу кьагъэхьа проектхэм щыхэплъащ икІи абыхэм ящыщу тху кьыхахащ. Ахэр ягъэзэщІэн папщІэ иратынущ сом 463700-рэ.

«БИЗНЕС мурад нэхъыфІ» зэпеуэр КъБР-м ящ дыдэу 2006 гъэм щрагъэкІуэкІаІэ щытащ. Абы льандзэр блэкІа иІъэсит Іым кьурыбудэу Инвестицэхэмкіэ советым проект 18 кьыхихащ икІи ахэр ягъэзэщІэн папщІэ сом мелуани 10-м нэблагъэ яхуиутІыпащ. ИщхьэкІэ кьащІыгъэльэгъуа проектхэм ящыщу 14-р нэсу ягъэзэщІащ. Абыхэм яхэтщ псыІэфІ зэмылІэужьыгъуэхэр зыщэ автоматхэр кьыщагъэсэбэн сату зытетІэуэным теухуа проектэ ТІу, псэупІэ унэхэр зехьэным теухуа зы проект («Псоми ди зэхуэдэ унэ» ООО-р), мывэ упсахэр кьыщІэхъыным теухуа зы проект. Иджыпсту адрей инвестицэ проектитІым ІолэжьІ. Абыхэм папщІэ Іэмэпсымэ кьащэху, зэгурыІуэныгъэхэр ягъэхьэзыр, щІылэжьэну псэуальэхэр бэджэнду кьащтэ.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм кьызэхэсахэм я пащхьэ кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Абы кьыхигъэщащ хьэрычэт Іуэхум щыІэгъэкъуэным пыщІа хабзэ мардзэхэр зэрыІэзэхальхэр, программэ хэхахэр зэраубзыхыр. Мы зэпеуэм кІуэтэку цІыху нэхъыбІэ кьызэрыхьхэр щыхьэт тохьуэ ди щІыналъэм и властхэм хьэрычэт Іуэхур дэгъэкІыным хуэунэтІауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр сэбэп зэрыхьум.

«ЦІэ сыт щыгъуэ гулъытэ зыхуэ худоищ бизнесым и Іэнатіэм зегъэужьыным, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм мыхьэнэшхуэ зиІэ проектэ кьыхалъхьэхэр зэрыдэтІыгъыным», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

А махуэм Хьэрычэт Іуэхумкіэ советыр зыхэплъа проектхэр зыгъэхьэзырахэм я ныбжьыр илъэс 30-м щІигъуркъым, абыхэм я нэхьыбэм республикэм щыІэ вуэхэр кьаухэІи. Хьэрычэт Іэнатіэм кьыхыхьэхэм, кьапщтэмэ, ягъэхьэзыращ унагъуэхэм зыщагъэпсэхуу центр Кэнжэ кьуажэм щыщІыным, фошыгъу кІанэ Налшык кьалэм кьыщыщІэгъэкІыным, санэ фІыщІэ Балькъэр Ипщэ кьуажэм щыгъэкІыным, нэгъуэщІхэми ятеухуа проектхэр. Абыхэм ящыщ зыбжанэм мы зэманым ІолэжьІ. Псальэм папщІэ, КъБКъУ-р кьэзыуха ЛІупІ Асльэнбэч куэнщыбэ идзыпІэу щыта псы Іуфэр игъэкъэбзащ, ныджэхэр псыр кьыдэмыуэхьи хуэдэу иригъэкІащ икІи зыгъэпсэхупІэ центрыр ухуэным сыт и льэныкьуэкІи зыхуигъэхьэзыращ. А проектым и ефІэкІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу республикэм и Іэтащхьэм кьилъытащ ащ щыхуэхэм я псэукІэр егъэфІыкІуным зэрыкъуэнэгъэр: «Мы проектыр сыт и льэныкьуэкІи йоззэгъэ кьуажэхэм я псэукІэр зэІуэзэпщІыным хуэунэтІауэ дэ дыубзыхуахэм икІи а Іуэхур Іэмал имыІэу дэтІыгъынущ, Зэман гуэр дэкІмэ, республикэм и Іэтхэнэ жьылагъуэми апхуэдэ спорт-щэнхабзэ комплексхэр дащІыхьынущ».

Советым и зэІущІэр зыхэплъэ проектхэм ятеухуауэ доклад иІащ КъБР-м экономикэ зыуэкІыныгъэмрэ сатум-кІэ и министр Мусуков Алий.

Абы зэрыщиІамкІэ, щІалэгъуалэм я бизнес проектхэр дэІыгъыным 2009 гъэм кьрибудэу сом мелуани 7,4-рэ трагъэкІуэдзынущ. А ахъщэм щыщу сом мелуани 5,8-м щІигъур федеральнэ бюджетым и льэкъкІэ кьызэщІагъэуІуэн ящхъэфІэкІащ.

Хьэрычэт Іуэхум щІэуэ къыхьхьэхэр япэ ирагъэщынущ

Докладым кьызэрыщІагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым хьэрычэт Іуэхум зыщІагъэжьыным трагъэкІуадэр 2008 гъэм процент 15-кІэ нэхъыбІэ хьуащ икІи сом мелуани 172,4-м нэсащ. «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэт Іуэху мыиныкрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщІагъэжьыныр икІи щыдэІыгъынырэ республикэм и программэ хэхар гъэзэщІэным пыщІауэ гъэ кІуам жэпуэгъэуэм и 1-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІахэр зыщыгугъахэм нэхьрэ куэдкІэ нэхьыбэщ, 2006 гъэм ельытауэ хьэрычэт Іуэху мыиныи и субъектхэр процент 132-кІэ нэхьыбэ хьуащ (республикэ программэм нэхьыбэ дыдэр зэфІагъэкІыфыну щагъэуваУэ щытар процент 124-щ). Республикэм и экономикэм щылажьэ псоми я процент 25-рэ хуэдизыр е щыху мин 78,8-р мы Іэнатіэм пэрытщ. 2006 гъэм абыхэм я бжыгъэр процент 20-м нэсу щытауэ араш. Валовэ щІыналъэ продуктым и процент 25-рэ хьэрычэт Іуэху мыиным и Іэнатіэм кьыщалэжь, 2006 гъэм ельытауэ абы налогыу кьыбгъэдэкІри процентри 130-м нэсащ.

Министрым кьыхигъэщхьэхуэкІащ республикэм мы Іуэхум эмкІэльыкІуэу икІи зэпІэзэрыту зэрыщелэжьыр: «Хьэрычэт Іуэхур зэтезыбгъэлэр зыпэрыуева лэжьыгъэм тэмэму щымыгъуазэмэ, абы кадрхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ программэм хиубыдэу и щІэныгъэм хигъэхъуэфынущ, щылэжьэну офис нэхъ пуду кьыхихьфынущ, Іэнатіэр зэрыэтрибгъэн ахъщэ мунипималь фондым е кредит кооперативым я деж щІыхуэу кьыщищтэ хьунущ. Предприятэ мыиным зиужьу хуежьэмэ, дэ абы производствэр кьыщызэрригъэпэщын псэуалъхьэхэмкІэ, щІыхуэу кьищта ахъщэм процентКІэ щхьэщитыкІым щыщ ахъщэкІэ дыдэзэпэщыхуфынущ, электросетхэм Іэмэпсымэр зэрыпидзэм тригъэкІуадэр хуэдгъэмэщІэфынущ, апхуэдэу инвестицэ проект инхэр зыгъэзащІэхэм налогхэмкІэ яхудэтчъхьынущ. НэгъуэщІу якІпІэмэ, бизнесым зыщигужь и дзэнэ лъэхъэнэми зыхуэфащэ дэІэпыкъуныгъэ республикэм щигъэтынущ.

Экономикэм и Іэнатіэ пэрытхэм хиубыдэ хьэрычэт Іуэхум хьыкІэхэм апхуэдэу зыщІагъэкъуэнущ фонд нэхъыщхьэхэр кьызэрэпэщыным трагъэкІуадэм щыщ Іыхьэр пшынльыкІымкІэ, адрей мылъку лІэужьыгъуэхэр зэщІагъэуэнымкІэ. «Производствэм кьыщагъэсэбэнымэ Іэмэпсымэхэр къэщхуным трагъэкІуэдам и зэхуэдитІыр, ауэ сом мин 500-м щІымыгъу, бюджетым кьыхэкІыу яхуэдэпшынькъыфынущ, - къиГъэльэгъуащ министрым. - Псальэм папщІэ, сом зы мелуан и уасэ Іэмэпсымэ къэзыщхуам и ахъщэм и ныкъуэр бюджетым кьыхэкІыу иратьыжынущ. Абы кьыщыдмынэу, лизингымкІэ зэгурыІуэныгъэ щигъэхъэзыркІэ хьэрычэт лэжьакІуэм Іуэхур трищІыхь хьунущ абы пэщІэдзэу тригъэкІуадэ ахъщэм щыщи кьызэрратыжынум. Нэгъабэ дэ процент 8 гъэзэщІэнымкІэ зэщІэдгъэкъуащ икІи абыхэм сом мелуани 4 хуэдизэ ятедгъэкІуэдащ. А проектэм яхэтщ Іус зэхэльхэр гъэхьэзырыным, унэльащІэ щІыным теухуахэр, нэгъуэщІхэри.

Иджыпрей зэманым финанс Іуэхуэхэр зэрызэІыхьар кьэпІьытэмэ, нкъуэІэ дэІэпыкъуныгъэшхуэщ хьэрычэт Іэнатіэм щІэуэ пэрыувэхэм муниципальнэ фондэмрэ кредит кооперативэмрэ щІыхуэ къыІахыну Іэмал зэраІэр. Апхуэдэ хэкІыпІэхэр щІыналъэхэм кьыщыдзэгъэзэ пэщІэн зэрыхуейр Урысейм и Правительствэм зыбжанэрэ кьиІэтащ. Кьэралым и щІыналъэхэм ящыщу а Іэмалхэр япэ дыдэу щІэзэтрагъэувар Къэбэрдей-Балькъэрыщ. Абы и фІыщІэкІэ микрофинанс Іуэхущ Іапі эхэм зауэ, абыхэм я ахъщэм хохьуэ. А Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр егъэджэным, электрон программэхэр кьаухуэзэгъэзэщІэным республикэм зухэфащэн гульытэ щегъуэт.

Мы зэманым апхуэдэ микрофинанс Іуэхуэщ Іапі эу КъБР-м 43-рэ щІыІэщи, абыхэм ящыщу 13-р хьэрычэт Іуэху мыиныр дэІыгъынымкІэ мунипималь фондэрщ, 30-р кредит кооперативхэрщ. Абыхэм псоми зэхэту ахъщэу яІэщІэльыр нэгъабэ ельытауэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ хьуащ икІи сом мелуан 300-м нэблагъэщ. Фондхэмрэ кооперативхэмрэ нобэм ирихьэлІэу цІыху 1500-м нэблагъэм щІыщу ахъщэкІэ ирагъэщ.

(КІэуэху 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Узыншагъэ

Сабий сымаджэхэм гулъытэ хуащІ

Иджыблагъэ КъБР-м узыншагъэр хуэмэныкІэ и министр Бицу Вадим Республикэ клиникэ сымаджэщым и пэщыпхъэм щаІуащІащ фошыгъу уз зыпкъыт сабий зыбжанэм. Министрым абыхэм яритащ льым хэль фошыгъур кьыхэрапщ глюкометрхэр. Бицум жиІащ а аппаратым зымащІкІэ нэхъ мыхъуми сабийхэм я гъашІэр нэхъ тынш кьащищІыну зэрыгугъэр икІи кьыхихэщащ республикэм Узыншагъэр хуэмэныкІэ и министерствэм абы щІигъуи хуей адрей Іэмэпсымэхэмкіи ахэр кьызэрригъэпэщыну и пщэ зэрыдильхьэжыр.

ГЛЮКОМЕТРХЭР псапащІэ Іуэху ялэжьу «Эббот» американ компаниемрэ «Медицинские технологии дельта 21 век» фирмэмрэ кьаблагъэдэкІащ. А Іэмэпсымэхэр зэман гъунэгъум иратынущ республикэм фошыгъу уз зыпкъыту и сабии 128-м. Апхуэдэу аппарат 20 кьалъ клиникэ сымаджэщ №1-м и эндокринологие кьудамэм, 40 - РКБ-м яІэрыпсынущ. Мы Іэмэпсымэхэр щІэщ. Урысейм и льэныкІуам кьыщагъэсэбэну щІадзауэ араш. Нэхъа пэм щыІа Іэмэпсымэхэм епІыгъэ щІэ, мыхэр нэхъ цІыкІуу, фошыгъуу хэльыр зыхуэдизыр кьэпщІэн папщІи льы машІэ дыдэщ зыхуейр. Зы жэщ-махуэм кьриубыдэу сабийхэм я льым хэль фошыгъур зыбжанэрэ къэпщын хуей мэхъу. Аппаратым тэмэму кьуегъащІэ щІыхуэм епхъэлІэну инсулинэр зыхуэдизыр, абы и фІыгъэкІэ сымаджэм и щытыкІэр нэхъ зэпІэзэрытщ.

Эндокринолог Бицуэ Ларисэ зэрызкІэмкІэ, апхуэдэ псапащІэ Іуэхур зи фІыщІэр Республикэ клиникэ сымаджэщым и унафэщІэхэрщ. Сымаджэщым иІэкъым а узыфэм щеІэзэ кьудамэ, ауэ абы кьакІуэхэм апхуэдэ уз зыпкъыт мыащІу яхэтщ, льэныкьуэрэ гулъытэншэу кьагъанэ хьунукъым.

Тхыгъэри сурэтри **ХУЖЬНаталье** *ешІ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Гъатхэ сессием щІадзэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым мыгъэрей и ялэ зэІущІэ екІуэкІащ. Ар кьызэІуихри, КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс щІэуэ зэпеуэм ехьэлъэщІэм ехьэлъэныгъэхэр кьыщахьынну.

ДЕПУТАТХЭР телэсэнъхьхьащ Парламентым и зи чэзу зэІущІэр щрагъэкІуэкІынумрэ ар зыхэплъэну Іэхуэхэмрэ. 2008 гъэм маазаем и 5-м кьызэІуахьну япэ зэІущІэм щытепсэлъыхьынущ Іэхуэ зэмылІэужьыгъуэу 20-м нэблагъэм. Къапщтэмэ, ещанэ къеджагъэуэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и автомобиль гъэзэгъамрэ гъэгу лэжьыгъэмрэ я Іэхуэгъэ» КъБР-м и законым и проектым, етІуанэ къеджагъэуэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм языныкъуэ закон актхэм зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектым, япэ кьеджагъэуэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Іуэхукіэ», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и нотариусым и округхэм я гъунапкъэхэмрэ нотариальнэ округхэм нотариусхэм я кьулыкъуу щыІэхэм я бжыгъэмрэ я Іуэхукіэ» законопроектхэм хэплъэнущ. Депутатхэм апхуэдэу я мурадщ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ уз зыпкъыт Іуэхуэхэр зэрыщрагъэкІуэкІынум теухуа хъыбарегъащІэр зэрат щыкІэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэну. А псоми кьадэкІуэу зэІущІэм кьыщыхалъхьэнущ 2009 гъэм и гъатхэ сессием Парламентыр зэлэжьыну Іуэху нэхъыщхьэхэр зыхуэдэнур.

ЗаконодательствэмкІэ, къэрал уху ныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІ **Абаз Руслан** Президиумым хэтхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм хиубыдэ кьуажэ жылагъуэ зыбжанэм я гъунапкъэхэр хуэзыныкъуэ хуэгъэзэ зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектыр.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и правовой управленэмрэ хуагъэхьащ абыхэм хуащІ дагъуэхэмрэ хэлъхьэжьихьэу кьалъытэхэмрэ яубзыхун папщІэ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ норматив актхэм я регистрыр кьызэрызэрагъэпэщ икІи эратх щыкІэм и Іуэхукіэ» республикэм и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Законодательствэмкіэ, къэрал уху ныгъэмкіэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къудзэ **Гилиев Борис**. Абы зэрыжиІамкІэ, муниципальнэ хабзэ мардзэхэм я регистрыр, законопроектым кьызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, ятх цІыхухэм информацэ тэмэм къаІэрыхьынмкІэ яІэ конституцэ хуитыныгъэхэр гъэзэщІэ хъун, муниципальнэ актхэм ятеуухуа информацэр властым и органхэм, къулыкъу зыІыгъ цІыхухэм, организацэхэм зэблэу кьыхэмыкІыу яІэрыхьэныр кьызэрагъэпэщын папщІэ. Регистрыр тхыным и хабзэ нэхъыщхьэщ абы итхэр хэІущІыІуу, тэмэму икІи Іуэхур дэгъэкІыныжмкІэ мыхьэнэ яІэу щытыныр.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкіэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Селим** зэІущІэм щІэсахэр щыгуфІыгъуаз ищІащ «Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зэрыс унагъуэхэм ящыщу 2005 гъэм щІышылэм и 1-м ялэкІэ псэупІэ кьыІахьи папщІэ учетым уварам социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрырат щыкІэмрэ а дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэмрэ я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ республикэм и хабзэ мардзэхэр федеральнэ законодательствэм и бзэзэгъыныным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хиубыдэр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ уху ныгъэхэр Бахъсэн, Прохладнэ муниципальнэ районхэм я муниципальнэ мылъкум пщІэнэсу зэгъэхьэжьным арэзы тетхъэн папщІэ КъБР-м и Правительствэм Парламентым зэрызыхуигъаз Президиумым Хэтхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Экономикэ политикэмкіэ комитетым и унафэщІым и къудзэ **Атэлыкъ Анатолэ**. Ар зытеухуар Куба къуажэ жылагъуэм и ЩІэнхабзэ унэмрэ Альтуд къуажэ жылагъуэм дащІыхьа курыт еджапІэмрэ ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа районхэм я мылъкум хэгъэхьэжьынырщ.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэрэпэщыныжмкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыхихьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал уху ныгъэмкіэ закон актхэм зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» республикэм и законым и проектыр. А документыр 2009 гъэм и гъатхэ сессием зэлэжьыну Іэхуэгъэ нэхъыщхьэхэм я планым хэгъэхьэпхъэу депутатхэм кьалъытащ.

Экономикэ политикэмкіэ комитетым и унафэщІ **Малкаров Тэхьыр**, абы и къудзэ **Атэлыкъ Анатолэ**, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, узыншагъэр зыхуэмэныкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь** сымэ кьыхалъхьэри, депутатхэр зэхэплащ законхэр кьыдэгъэкІыным и льэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и субъект зыбжанэм я парламентархэм кьаІэта жэрдэмхэм.

Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и лэжьыгъэм щыщ Іыхьэ хадэхэр зэфІэгъэувжьынырэ. Ар ди щІыналъэм щыбгъэуІ къэкІыгъэхэм ящыщхэм, республикэм и жызымгъэкІэхэр фейдэкІэ мэгугъэ.

БАТЫР Люба,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Прохладнэ куей

Фейдэкіэ мэгугъэ

2009 гъэм екъуІэныгъэфІхэмкІэ Іуэхащ «Виноград» предприятэр. Жызым гъэкІыным елажьу республикэм иІэр мыбы и закъуэщ. Хозяйствэм щІылъэ гектар 750-рэ, абы къыщащІэкІ жызым и Іуэжьыгъуэ 20-м нэс.

«ВИНОГРАД» ЗАО-р йолажьэ фІагъ ин зыбгъэдэлъ шагъыр, коньяк лІэужьыгъуэ щІылъ 24-м. Псом хуэмыдэу щІылъщІэ яІэш «РкацителиР», «Онищенский бельй», «Кардинал», «Молдова» жызым лІэужьыгъуэхэм къыхащІыкІ коньякхэм. «2008 - 2012 гъэхэм кьриубыдэу КъБР-м и АПК-м зегъэужьыным республикэ программэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ жызым хадэхэр зэфІэгъэувжьынырэ. Ар ди щІыналъэм щыбгъэуІ къэкІыгъэхэм ящыщщи, республикэм и жызымгъэкІэхэр фейдэкІэ мэгугъэ.

● Шэрэдж куей

Къуажэдэсхэм яІуэтэжащ

Илъэс кІуам Балькъэр Ипщэ къуажэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу дэлащ цІыхухэм псы зэфэнумкІэ къызэрэнэщыныр.

«2007 - 2010 гъэхэм кьрибудэу ЖКХ-м и лэжьакІэм зегъэужьыжын» федерал программэм ипкъ иткІэ мы жылагъуэм жьы хьуа бжьамийхэр щызэхъуэкІыным текІуэдну хухахат сом мелуаний 4-рэ мини 120-рэ. Псымкіэ нэхъ гугъу ехь Муколэ жьыпм Іуэхур и кІэм щынагъэсащ. Куей администрацэм къахуиІа апхуэдэ илъэсыщІэ тыгъэм щымыгуфІыкІыу кьэнакъым Іуэхуэдэсхэр. Ду Анатолэ зи унафэщІ «Альфа» ухуакІуэ организацэм лжьыгъэ псоми тэмэму зэфІихащ. Куажэдэсхэм зэфІигъэчу псыкІэ дяпэкІэ гукъыеу я Іэнукым.

ШЭРЭДЖديз.

● Хабзэ

Аргуэру джэгупІэ пэшитІ

КъБР-м и Президентым и деж коррупцэм и бнэу щыІэ линием и лэжьыгъэм Іуэху щхьэпэхэр кьрокІуэ: иджыблагъэ абы кьыІэрыхьа хъыбарыпкъ ипкъ иткІэ республикэм и кьалащхьэм щызэхуащІыжащ джэгупІэ пэшитІ.

Налшык кьалэмкІэ УВД-м и лэжьакІуэхэм ящыщ зейхэм теуха протоколхэр яткащ, судым иратащ. Фигу кьдгъэкІыжьыщи, республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ 2007 гъэм дие кьы щащтащ «Щыхухэр зыгъэжакІуэ джэгукІэхэр КъБР-м и щыналъэм щрагъэкІуэкІыну зэрыхуимытым теухуауэ» хабзэр. Щэхуу ягъэлажьэ джэгупІэ пэшхэр сэтей кьащІым мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэм щагъэмкІэ щыІэ зоныгъэм и телефон мэлажьэ. Абы фыпсалъэ хьунущ 47-17-79, 47-32-56 номерхэмкІэ.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентым и деж Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Нэхъыбэхукіэ нэхъыфІщ

АБХЪАЗ. *Республикэм и премьер-министр Анкавэ Александр журналистхэм нэжьблагъэ зэрэжриІамкІэ, Урысей Федерацэм хуаІэ пыщІэныгъэр 2009 гъэм ирагъэфІэкІуэнущ икІи абы и щІыналъэхэм щыщу зэгурыІуныгъэ зращІилІхэм я ныбжьыр нэхъыбэ ящынущ.*

«УРЫСЕЙ-абхъаз зэпыщІэныгъэм кьыхэшэн хуейщ Сыбырым кьыщыщІэдзауэ Калининград областым нэсыкъу щыІэ щІыналъэхэр. УФ-м и инвестицэ республикэм кьакІуэм ди экономикэм зригъэужь зэпытщ. Псальэм папщІэ, Пушкиным и цІэр зэрихьэу Сыхьум дэт етІуанэ урыс курыт еджапІэр зэрагъэпэщыжьым сом мелуан 90 текІуэдащ, апхуэдиз ахъщэкІэ филармоние и унэри зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэу Сыхьум дэт республикэ сымаджэщыр, льхуапІэр зэрагъэпэщыж. Абы ехьэлІа лэжьыгъэхэр дыдэрэт илъэсым и кІэм зэфІэкІынущ», - кьыхигъэщащ Анкавэ Александр.

Бысымхэр бэлэрыгъынукъым

АДЫГЕЙ. *2009 гъэм мазаем Адыгей къэрал университетым къэкІунущ Корее Ипщэм и къалащхьэ Сеул и ежкапІэ нэхъыщхьэм и студент гуп. Нэжьыгу яубзыху хьэдпІэхэм ягъэгъэкІуэнущ.*

АДЫГЕЙ ЕЙ къэрал университетым и проректор Тугуз Фатімэ зэрыжиІамкІэ, Кореем кьикІыну къэщІэхэм зэрэгъэфІэм я гъуэсу студент общежитэр зэрагъэпэщынущ, еджапІэм кьедзыІа щІыр ягъэкъэбзэнущ. Абы нэмыщІкІэ, ахэр яІэщІэнущ щІыналъэм щыпсэу кІэрейхэм, зрагъэльагъэнущ щІыпІэ дахэхэр. НэхъыщхьэрэщІ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр зэныбжьэгъугъэм и кьежьапІэщ.

● КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым

ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

ЩІЫПІЭ ЗЫГЪЭХЬЭЗЫРЫР ГЪУЩІО Зарифэ.

Льэпкъ Іуэщыгъэ:

Бзыри и абгъуэ щытепщэщ.

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м республикэм щекІуэкІыну парламент хэхыныгъэхэм хэтыну щыпІэ Хэхакіуэ комиссэм зыщрагъэтхащ щыкІуэ 433-м. Абыхэм ящыщу 270-м парт спискэкІэ зыхэрагъэхьынуи, адрейхэр мандатым щІэбэнущ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къудзэ Апарин Вячеслав зэрэжиІамкІэ, парламент хэхыныгъэхэм хэтынущ политикэ партие 5. «Зыщ ЩІыпІэ Урысейм» и кандидату 69-рэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и лІыкІуэ 60, КПРФ-м кьыбгъэдэкІыу 59-рэ, «Урысейм и хэкупсэхэмрэ» ЛДПР-мрэ дэтхэнэми 41-рэ кьыпгъэльэгъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Шэрэдж куей

Къуажэдэсхэм яІуэтэжащ

Илъэс кІуам Балькъэр Ипщэ къуажэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу дэлащ цІыхухэм псы зэфэнумкІэ къызэрэнэщыныр.

«2007 - 2010 гъэхэм кьрибудэу ЖКХ-м и лэжьакІэм зегъэужьыжын» федерал программэм ипкъ иткІэ мы жылагъуэм жьы хьуа бжьамийхэр щызэхъуэкІыным текІуэдну хухахат сом мелуаний 4-рэ мини 120-рэ. Псымкіэ нэхъ гугъу ехь Муколэ жьыпм Іуэхур и кІэм щынагъэсащ. Куей администрацэм къахуиІа апхуэдэ илъэсыщІэ тыгъэм щымыгуфІыкІыу кьэнакъым Іуэхуэдэсхэр. Ду Анатолэ зи унафэщІ «Альфа» ухуакІуэ организацэм лжьыгъэ псоми тэмэму зэфІихащ. Куажэдэсхэм зэфІигъэчу псыкІэ дяпэкІэ гукъыеу я Іэнукым.

ШЭРЭДЖديз.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Балъкъэр Тыгъуэн и Іэуж ыфІхэр

● КъБР-м и Президентым и деж хьэрычэт Іэхэумкіэ щыІэ советым

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Іэщіагъэлі нэхъыфІхэр нэгъуэщІ къэралхэм щрагъэджэнщ

Хьэрычэт Іэухэхэмкіэ советым и зэІуіэм апхуэдэу щыхэпльащ 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм папщІэ кадрхэр гъэхьазырыжыным Президентым и программмэр зэрагъэзащІэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ статумкІэ и министр Мусуков Алий къыІэрыгъэльэгъуамкІэ, а программэм ынэтІыныгъэу щыт тещІыхьауэ Йолэжь, Абыхэм ящыщ зыщ Іэщіагъэлі хэгъуэщі къэралхэм щыІэ бизнес-школхэм щегъэджэнщ. Республикэм и Президентым и Указым ипкъ иткІэ къыІэрагъэшІэ комиссэм еджакІуэ ягъэзекІуэм папщІэ цыхьэ 25-рэ кьыхихац. Абыхэм ХьарзынэУ инджылызыбзэр яджащ, зыхуэфащэ экзаменхэр Москва щытыжри, бизнес-школ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэтІысхьащ. 2008 гъэм и фокІадэм Іэщіагъэлі 15-м Великобританиеми и университетхэм еджэн щыщІадзащ, зыр Франджым ягъэкІуащ. Адрей цыхьиибгъур турист-рекреацІэ Іэухэхэм хуеджэ зи папщІэ Швейцариеми и университетхэм щІэтІысхьэжу макІуэ. КъБР-м и Президентым кьыІэригъэувам ипкъ иткІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми мазэ кьэс стипендиеу сом мин 18,5-рэ иратынущ. Зи гугъу тщІы программэр гъэзэщІэныр дыдэрэ ильэсмэ эбЛэмыкъуи папщІэ, Президентым и унафэкІэ кьыІэрагъэпэщащ, 2009 гъэм нэгъуэщІ къэралхэм ягъэкІуэнхэр мы зэманым инджылызыбзэм хурагъаджэ. Мыгъэрей программэм хэтыжу щыхьэн 161-рэ кьэльэІуати, абыхэм я щІэныгъэр здынэсыр кьапщытэ нэужь, цыхьэ 60-р кьыхахац. Абыхэм 2008 гъэм и щкІыгъэуэ мазэм щадзауэ инджылызыбзэр кууэ ядж.

Программэм и етІуанэ ынэтІныныгъэм тету кризис лъэхъэнэм производствэр зезыхьэфын Іэщіагъэлі хэр Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балькъэр институтым щрагъэджащ. Ар кьэзыухэ кІыхьу 19-м зыхуэфащэ сертификатхэр къратыжащ.

Программэм и ещанэ ынэтІныныгъэр теухуащ хьэрычэт Іэуж мыиныкІэ хьэрычэт Іэуж кучрытымрэ я Іэнатіэхэм щылэжьэну Іэщіагъэлі гъэхьазырыным. 2007-2008 гъэхэм Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхагъахьуэ курсхэм Іэщіагъэлі 155-рэ щеджащ, цыхьэ 27-м лэжьакІэм зыщыкІуэ агъэсащ Гонконг, Сингапур, Германие, Швейцарие кьэралхэм. Абыхэм псоми зыхуэфащэ сертификатхэр кьратыжащ. Апхуэдэу щІалэгъуалэу гупитІ махуэ щырыщкІэ Іэущхьэмахуэ лъапэ кьыщыдзэрагъэпэщащ дгъэладжэ лагерхэм щыІащ. Абыхэм хэту хьэрычэт Іэухум и зегъэжІуэкІэм зыхуагъэсащ Къэбэрдей-Балькъэрым и вузхэр кьэзыухуа Іэщіагъэлі, ту денту 90-м.

Мусуков Алий зэІуіэм щыжиІащ кадрхэр гъэхьазырыныкІэ Республикэм щагъэсащІ программэр КъБР-м и щыкІи цІэрыІуэ зэрыщыхьуар, абы и инагъымрэ и гъэпсыкІэмрэ дэнэ щІыпІи зэрыщагъэщІагъуэр. КъБР-м и Іэщіагъэлізр щрагъэджэну зыгъэзекІуэ кьэралхэм я бизнес-школхэм я лэжьакІуэхэр Республикэм кьэкІуэну хущІокъу, зыхуэ эбгъэдэн щымыІэ апхуэдэ проектхэр гъэзэщІэным кьэралыр зэрыхэтым щыгъуэзэ защІын папщІэ.

Зэ Іущі эм и кІэухым КъБР-м и Президентым жиІащ Іэщіагъэлі зиІэ лэжьакІуэхэр гъэхьазырыным республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхэу зэриІэр икІи абы теухуа программэр зэрагъэзащІэм езыр и щхьэкІэ зэрыкІэлъплъыну. «Илъеситхуэ кьриубгъуэ дэ Іэщіагъэлу 500 едгъэджэн хуеІщ. Абыхэм кьаехэкІыну кьыщІэкІынщ нэгъуэщІ кьэралхэм, Урысейм я к омпание инхэм лжьалІэфІ щыгъэзэнымухэри кьэ Іэ апхуэдэм дапэрыгъэнукъым. Ауэ, щэ ч хэмылъу, Іэщіагъэлізм я нэхъыбэм езыхэр щалъхуэ республикэм кьагъэзэжынущ. Зи экономикэм зиужь кьэралкуэдым я Іэщіагъэлізр зрагъэхьэзырыр апхуэдэущ икІи абы фыщ ящІ кьыдоІуэ. Дэри дыщогуфІ ди республикэм и сэбэп я Іэухум кьыхэжІыну», - жиІащ Кьанокьуэ Арсен. Республикэм и Іэтащхьэм КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ статумкІэ и министрествэм и пщэ ирилъхьащ программэм хэтыну гукъыдэж зиІэ псори кьришэлІэну иужькІэ абыхэм нэхъ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ цыхьэу 50-100 кьыхахьыфын папщІэ.

Щіыхуэхэм щхьэщтакІхэр Урысейм и Банк нэхъыщхьэм игъэува мардэм тету хуапшыныжынущ

«Финанс Іуэхуэхэр зэрызэІыхьам кьыхэкІыу, дызыхьыхьа ильэсым хьэрычэт Іэуху мыиныкІэ зэрыщІэныкъуну Іэмал нэхъыщхьэу щыІэнущ банкхэм кьыІаха кредитхэмрэ лизинг зэгурыІуэныгъэхэм япыщІауэ кьаІэрыхьэну ахъшэмрэ процентхІэ щхьэщатыкІым щыщ яхуэпшынжьынырэ, - жиІащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ статумкІэ и министр Мусуков Алий.

Банкхэм мы зэманым ІэмалынышагъэкІэ хагъахьуэ кредитхэм щхьэщатыкІым хуей ахъшэм икІи абы кьэзыухуэ гъэпсыкІэм я Іуэхур нэхъ гугъу ещІ. Аращ а Іэнатіэм кьэралым ярит дэІэплькъуныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу а Іуэхур кьыщыкьахар. «Ди хьэрычэт Іэуж кІэухым кьащтэ щыхуэм проценткІэ щхьэщатыкІ щыхуэр Банк нэхъыщхьэм рефинансированэмкІэ игъэува мардэм хуэдизу икІи сом мелуан 30-м нэсу яхудопшыныж. Кьэралым и щІыналъэхэм я нэхъыбэм абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ хабзэхэр нэгъуэщІу, абыхэм щыхуапшыныжыр рефинансированэмкІэ мардэм и Іыхьэ щанитІым, псори ззэхэту сом мелуани 10-м нэсц. Апхуэдэ дэІэплькъуныгъэм и фІыщІэкІэ инвестицІэ проекту 216-рэ республикэм щыдгъэІыгъащ, абыхэм кьапэкІуэу кредит ахъшэ у сом мелуан 800-м щІигъу кьыІэзыгъэуІуащ», - жиІащ министрым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хьэрычэт Іэнатіэм ират дэІэплькъуныгъэр абы кьыщыІуэрыкъым. УФ-м щыяпэу ди деж щагъэзэжа хабзэм ипкъ иткІэ хьэрычэт Іэнатіэхэм я Іэмэпсымэхэр эмэросетхэм зэрыпащІым трагъэкІуадэ ахъшэм щыщи хуапшыныж. Зыхьыхь гупым елыытауэ, предприятэ мыинхэу киловатт сыхьэт 1000-м нэс къэзыІуэсэбэныпхъэм абы щІат ахъшэм и процент 70-м нэсыр щхьэщыхьнущ.

Хьэрычэт Іэуху мыиным зегъэужьныным пыща инфраструктурэм и гугъу щищІым, къэпсалъэм жиІащ производствэм и Іэнатіэхэр зиІэ етІуанэ бизнес-инкубатор КъБР-м зэрыщащІар. Республикэм и Президентым кьыІэзригъэувам тету гъэльэгъуапІэ центр кьыІэпІуахащ, техническэ Іэщіагъэ зиІэ щІалэгъуалэм я зэфІэкІым щыхагъахьуэ инноваци центрыр хьэзыр ящІ. Урысейм Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министрествэм иригъэкІуэкІа зэпеуэм кьыщихьри, ди республикэм сом мелуан 68-рэ кьыхуагъэІыпщащ Бахъсэн районымрэ Прохладнэ кьалэмрэ бизнес-инкубаторхэр щащыН папщІэ. Мониторэм жиІащ абы трагъэкІуэдэну ахъшэр зэрыІэхальхъэр Къэбэрдей-Балькъэрым и сэбэн хэльу зэрагъэувар: ухуэныгъэм ихьыным щыщу процент 30-р республикэ бюджетым, процент 70-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІынущ. «А ахъшэр районхэм егъэхьакІэщ, иджы ухуэныгъэ-монтаж гъэжьыгъэхэм щІадзэн, - кьыхихьащ къэхъуащ Мусуков Алий. Адэкіэ бизнес-инкубаторэм республикэ псом зыщагъбгъунущ.

Докладым апхуэдэу кьыхэщащ хьэрычэт Іэнатіэм зегъэужьныным тещІыхьа хабзэ мардэхэр зэпымыІуэу зэрарагъэфІакІуэр. 2008 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм хьэрычэт Іэуху мыиныкІэ хьэрычэт Іэуху курытымрэ зегъэужьныныкІэ законым зэхъуэжІыныгъэхэр хальхьащ, хьэрычэт Іэуху мыиным и Іэнатіэхэм бэрэджэну ябыгъ псэуальэхэр кьыщащІэжьхужькІэ абыхэм я инагъыу щытыныр зэрагъэхэр зэрратыжыну пІальэхэр зэрыгтрагъашэм-рэ теухуа законыр кьащтащ. Абы ипкъ иткІэ хьэрычэт Іэужьыгъуэхэм кьэралым кьыІахауэ ильэсищым щІигъу льэндэрэ бэджэнду ябыгъ псэуальэхэр ильэситху пІальэм кьриубыдэу и уасэр иратыжу кьащтэхуж хьунущ.

Бизнесым и Іэнатіэм эзэщІэтэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэрыгранъуэрэ кьаІэгъэтІэсхьащ. Мы Іуэхум ехьэлІа Іэжьыгъэхэр зэфІигъэкІащ республикэм Узышыгаэр хьэмэныкІэ и министерствэми.

ХьЭПЭ Марин,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщапіэм и лэжьакІуэ.

Балъкъэр Тыгъуэн и ныбжьыр иджыблагъэ ильэс 80 ирихъуащ. Ар куэд зи нэгу щІэкІа, куэд зыльэкъа, ди республикэм фІыуэ къыщащІыху, фІыуэ къыщащІыну, ар къыІэрагъэльэгъуащ. Жэуэльныгъэ зыпыльэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм Тыгъуэн пэрытащ ильэс 66-кІэ. Зауэм лэжьыгъэми я ветерани.

- Гупсысэкіэ уи сабиигъуэм бгъэзэжмэ, сыт нэхъ гукъинэж пщыихьуахэр, Тыгъуэн?

- Нпэрауэ, сыхуэит си адэ-анэм я цІэхэр кьысІэну. Си адэ Темыркъан Анфокьуэ и къуэр сыкъыщалъхуа гъэм Къарс заэм хэтащ. ЖаІэжу зэрызэхэхамкІэ, лІыгъэ хэльащ, и къалэнхэр псэемыблэжу и пэщащІащ. Гуузу дунейм ехьжащ си анэ Хьэнифэ Жамырзэ и пхъур -1933 гъэм щыІа уэгъуашхэм ихьащ.

Сыкъыщыдгъэхьуар Кьэрэшэ-кьуэй Ищхъэрэщ, 1930 гъэм а жылагъэм дзэхэм я Іыхьэ щанэр дагъэІэпхъукІри, щхьэхуэу ягъэтІысащ. Апхуэдэу кьэхьуащ иджырэ Пскавскэ - аращ ди унагъэр зыдзэри.

- Уи адэр зауэм кьелат?

- НтІэ. УзышІзу кьиІгъэзэжри, кьэзыухэщІэр кьэІэтыным инэ хэпІыдпІыхьащ. Гъэкіэ Іэзэт. Щыхуэхэм куэдрэ сэбэп яхуэхьурт. ФІыуэ хищІыкІыр мэкъумэшыр зэрыгтрасэ, гъавэр зэрыІуахыж, мэкъу зэрыпаутщІ машинэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ. Щыхуэхэр кьэхуэзнысьхуэу, кьыхуэарэзыуэ и дунейр ихьащ. Кьэхъуащ гугъуехь инхэм щыхэхуаи, гуфІэ хьапІэхэр щигъэвами. Къуэшитху иІатІ, зыр Царицын и дежь, щыр Хэку зауэшхуэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм кьыщащхьІэ. И къуэшхэм я щІэтІэри езым и бы-

нибри зыхуей дыхуэгъазэу, жьаІэушхуэу кьытщхьэщыту дыкъыгъэхъущ. И ныбжьыр ильэс бгъущІ хьуауэ дунейм цехьжам, зэрыкьуажу хэтат и дыуэщІм.

- Ар уэри щапхьэфІ пхуэхьуауэ кьыщІэкІынщ?

- Абы шэч хэлъкъым. Хьарзынэу сыпэлъэщырт еджэным. Пасэ дыдэу кьуажэ инафэщхэм пщэрыпІ кьыщсщащІат пропагандист лжьыбгъэр. Школым сыкъинкІыжа нэужь, парткомым и линейкэр ди унагъуэм ныІуатІэхэхэрти, губгъуэ бригадэхэм сашэрт, лэжьакІуэхэм газет сакьыхуеджэрт, дуней Іуэху щытыкІэхэм щызгъэгъуаэзэрт.

Классибгъэ кьыщІэкІа нэужь, Кьэхъуэ кьуажэм нэс сыкІуэурэ, километрипщІ гъэугъанэр махуэ кьэс зэпысчу, ефнэ классри кьэзэухыгъащ. ФІыуэ деджат сэрэ Шыд Хьэзиртрэ. Район унафэщІхэм ящыщ гъэр кьакІуэри, Псынабэ еджапІэм егъэджакІуэу дыщылажьэну кьыдэлъэІугъащ. Арэзы дыхьат тІури. Ауэ, еджапІэр зыкъыкІыуэрэ зы нэхъуу кьыщыщІи дзыкъым, Хьэзрат и кІэныр кьрагъэкІат.

Сэри пэжьапІэншэу сыкъыгъэзнакъым. ЯтІэ щыкІэ учетчикыу, итІанэ бригадиру сагъэув. СобщІэж: сащыукІытэрт лэжьакІуэжьхэм кьалэнхэр яхуэзгъэпэшину. Кьысхуэсакьыртахэри. ДызэгурыІуэу дызэдзакьэжьэрт. А зэманым Хэку зауэшхуэр екІуэкІырти, лэжьэгъуэ махуэр зэфІэкІа нэужь, ди сэлэтхэм папщІэ щакІуэ, Іэпъэ, пІэпэд, чысэ (тутынпІэ) зыгъэзэжьащ бзыльфыгъэхэм дадэІэпхьыкІыр.

Мыгувэу колхоз правлензм сраджэри, пщэрылъ кьыщсащІ учетчик нэхъыщхьэ, кассир Іэухуэхэр зесхьэну. «Хьэуэ» кьыхэбгъэкІ хьунутэкъым. СхуэзфІэкІ кьэзмыгъанэу си Іэнатіэ-щІэми сыпэрыщащ, зауэ емынэм кІи ятІонэрэ.

Гукъинэж сщьхуэщу ди колхоз правлензм кьэкІуауэ зэрыщытар райкомым и япэ секретарь Хьуран Хьэжмуридрэ ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэм и обкомым и япэ секретару щыта Кабалоев Биляри. Ящхьэдэс лІыжьхэми, «уи адэ Темыркъан ди ныбжьэгъуу щытащ» жаІэурэ, пкъэ 27-рэ тхуэгъэхьэщащ. ДеужьэрэкІыу, дзрэжэгъуэшхуэ тхэлъу ящхьэж школым, колхоз правлензм, Советым я пэшхэр зэтеуэгъэдыгъэкІэ кьызэщІэдгъэнат. Абы зыуэ щыхуэхэр щыгуфІыкІати! Москва кьикІщ, ВЛКСМ-м и ЦК-м корреспондент кьытхуигьакІуэри, «Комсомольская правда» газетри кьытщыхьугъащ.

- Комсомол лэжьыгъэми зыкъомрэ ухэта сфІощ. Абыи тхупепсэльныхьыт.

1950 гъэм комсомолым и Аруан райкомым я япэ секретару сыхах. Ди жэрдэмкІэ йокІуэкІ комсомол, щІалэгъуалэ Іэущхьэмахуэ, зэхьэзэхэхэр, доуухэ гъэуэгъэр, утхэр, спорт нэхъыщІапхэр. Зэгуэрыми, партым и райкомым сыщІыхьауэ, сыкъраІэджэ Сталиным и Іэр зыщІэдза тхыгъэм, комсомол унафэщхэр, Іэщіагъэлізхэр дзэ кьуплькьым политикэ лэжьакІуэу кІуэну дыкъыхуэзыджэм. Дэфтэрым щыгъуазэ сызэрыхуэхъуу, «сыарэзщІ» жызоІэри, тхыгъэм си Іэр щІызодз. Мыгувэуи гъэзгу сытоиуэ, «ГДР-э жьауэІэу щытым ротэм и замполиту, полкым и партбюром и секретарым и къуэдзэу зыкъомрэ сыщІолажьэри, щытхъу тхылъхэр сиІэу ди щІым кьызэІухьэзэж. СыкъызэщІэсысыжу, комсомолым и обкомым кьуажэ щІалэгъуалэм дэлэжьэныкІэ и къудамэм и унафэщІу сагъэув. Жьыдэжу сахуэвэ комсомол бригадзкэмрэ звенохэмрэ я кьызэгъэпэщакІуэхэм. Куэд дыдэ жысІэфынут я гъэпсыкІэм зэфІэдгъэкІахэм теухуауэ, ар-

хуэдэ псалъэмакъыр ноберей зэманым емызэгъэныжу кьыссфІощІ ахъумэ.

- Ари, щэч хэмылъу, Іуэхум хэлъщ. Ауэ кІэщІ дыдэу нэхъ мыхъумри, партым и обкомым уэзрыщІылэжьам и гугъу дымыщІу кьэдгъэнэнри сфІэемыкІыщ.

- КІэщІу жысІэнщи, партым и обкомым и етІуанэ секретарым и къуэдзэу сызэрыщытари си гуапэу сигу кьызоГъэкІыж. Садэлэжьащ Бабич, Мэлбахъэм, Ахъуэхъум, Къущхьэм, Щауэщыкіум, Бэрбэнэм - а щІыкІу Іуэзэджэхэм я цІэ-унэцІэ ящІ. Куэдми куэд дыдэ кьыжьаІэ. Парт школ нэхъыщхьэр кьэзуха нэужь, пщэрыпІэ кьысщІащи, си гуащІэ хэсэльхащ «трудодень» жьыуаІэу щытар гъэкІуэдыжьыным, колхозхэтхэми, рабочэхэм хуэдау, мазэ кьэс улахуэ кьахьу эзтеубгъаным.

- Ералым уэзрыщІамрэ щыблэжьамрэ, щэч хэмылъу, щІэджыкІакІуэм гъэщІэгъуэн къыщыхьунущ. Абыхэми дащыгъэгъуазэт.

- Партым «гъэзащІэ» кьыжьаІамэ, укъикІуэтынкІэ Іэмал иІэтэкъым. «Чрезвычайнэ комиссар» кьыссфІащри, Пермь щІыналъэм саутІыпщ, пхъэзэкІэхэр, псэуалъэхэр ухуэным кьыхуэщхьэпэнчэр ди республикэм кьишэнэр кьызэгъэпэщыныр си кьалэну. А щІыпІэм пэжьакІуэжьу, ди пІаэхэм микІауэ щІыху 500 хуэдиз кьыщыспэплъэрт. ПцІы хэмыльу, гугъу ехьащ ахэр: щыуиупщІ кьэс псэупІэу зы щІыунэ пашт яІэр. Уэздыгъэй мазым щыІэ уаер щытепщэт. Дауи иреХьуи, ди кьалэн мытыншхэр хьарзынэу зэфІэдгъэкІауэ щытащ.

• Дифі догъэльапІэ

- Нэхъ иужькІи, сыщымыуэмэ, мазым и лэжьакІуэхэм уапыщІауэ щытащ.

- Пэжщ. 1959 гъэм кьысІэщІапхъэ мэкъумэш, мэз, гъавэхэкІхэр зэхьэзэрыпыным телажьэ профсоюзхэм я обкомыр. Сэбэпныгъэ зыпылъ ІуэхугъэфІ кьуэдгъащІэм хэтпщауэ жысІэфынущ. Зи гугъу сщІыр зэхьэзэхуэр къарууцхуэу, ар кьызэгъэпэщыным, унэтІныным икьуакІэ дегугъуу зэрыщытарщ.

Ди республикэм щыІащ нартыху бэв кьагъэкІыным си лэжьыгъэр пыщІа комиссэ, учафэщІ, Іэщіагъэлі Іэзэ Тэрчокьуэ Къамболэт и пашэу, БГъэжьнокъуэ Хьэчимэрэ абы дриІуэдзэу, Дыз эчэнджэщу, пщІэ зэхуэтІу дыз эдзлажьэрт, Іэкіуэлакіуэ колхозхэр, бригадзкэр, звенохэр зэхъэзэхуэм хадэрт. Зы махуэм ерагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, «Красная Кабарда» (нобэрей ХьэтІохъуэщІкуэйм щызэхэту щытар) колхозым и гугъуэ хьэсэхэм хэтт хадапщІэу цыхьэ 1068-рэ. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжт.

- Илъэс пщІей гъэзугъанэм, уи псалъэм къызэрыхэщащи, щыхэпхъуэкІащ мыкъэнэщхуэ зиІэ Іэнатіэу зыкъом; улэжьащ егъэджакІуэу, комсомол, парт, профсоюз комитетхэм я унафэщІу. Аспирантурэри къэбухри, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат ухъуащ. Лэжьэкіэ пэрытыр бджыуэ е бгъэльапІэуэ ущыІащ щыпІэ куэдым. Псалъэм папщІэ, сыт хуэдэхэм?

- Москва, Одессэ, Кострома, Ставрополь, Краснодар, нэгъуэщІ кьалэхэми щекІуэкІа зэхуэхэсхэм (семинархэм) мыхьэмЫтІэу сыкъыщыпсэльащ. ЩІэныгъэ журнал зэмылІэужьыгъуэхэм си тхыгъэхэр куэдрэ я кьытрадзащ, тхылъ цІыкІУ («брошюра» жиІуаІэм хуэдэу) ящ къыдэзгъэкІащ.

Си щхьэ сыщытхъуэу зыми кьыфІэщІыну сыхуэйкъым, ауэ жысІапхъэу кьыщІэкІынщ кьэрарым и дамыгъэ пІэлпІэу (медалу) пщыкІэу, ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэу щытам и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр щыІэнущ тыгъэфІ зыкъомэ кьызэрыкуэгъэфощэр.

- Мы зэманми уладжьэу жаІэу зэхэсхащ. Ар пэж?

- Пэжщ. Пенсэм сызэрыкІуэрэ (1989 гъэм кьыщыщІэдзауэ) изохьэкІ экономист, ревизор, бухгалтер нэхъыщхьэ кьалэнхэр. Сыщытащ пэщІэдзэ ветеран организацием и тхьэмадэу. Налшык кьалэм, КъБР-м я ветеранхэм ноби садолажьэ, сэдэлэпыкъу.

- СыноХьуэхъу. Тыгъуэн, дянэкІи куэдрэ утхуэзыушынкъ, зэушащІэрэ, гукъыдэж, дзрэжэгъуэ зэи ущымыщІэну!

- Упсэу!

Епсэлъар **БЕКЪАЛДЫ Илэщ.**

• Пшыхьхэр

Тау Хьэзешэ, Хьэкіуащэ Андрей, Джэдгъэф Борис сымэ.

УсакІуэм и щІыхькІэ

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щапк и зэхуэмэхэм ядкъебгъагъэ щагъэлъэпІащ тхакІуэ, усакІуэ, публицист Іэзэ, «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Джэдгъэф Борис илъэс 70 зэрырикъур.

ЗэІУЩІЭМ кьрагъэблагъат щІэныгъэлІэхэр, тхакІуэ ж ъ Хьэкіуащэ Андрей, Къэжэр Хьэмид, КхъуэІуфэ Хьэчим сымэ. Пшыхьэр езыгъэкІуэкІа Гувэжькьуэ Заирэ. ЗэнаибгъэкІ лъэпкъэм фІхъыс ирихри, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор Хьэкіуащэ Андрей псалъэ иритащ.

- Борис езгъэджащ, усакІуэ щІау э соцІыху. И творчествэм и япэ лъэбакъуэм кьыщыщІэдзауэ сыщыгъуэзащ. Абы и тхыгъэхэм ящІ и гурыщІэ кьабгъэр, и Хэку, и анэм хуиІэ дагъуныгъэр кьыщыгъэльэгъуащ. И усэхэм ящыщ куэд макъамэ щІалъхьэурэ, щыхуэбзмэ ипхъуэтэ уэрэдэу куэд иІэ хъущ. И поэмэхэу «Псынащхьибл», «Кьамболэт» зыфІищаэр удэзыихъэ хьиу. Іэзэгъыщхуэ хэльу тхащ. Жысіэ мащІэм кьегъэльагъуэ мы усакІуэм зэчий зэрыбгъэдэлъыр, зэфІэкІ ин зэриІэр,» - кьыхигъащІащ Хьэкіуащэм.

Джэдгъэфым лъэпкъ литературэм и макъ щІэщыгъуэ щигъэІуащ. Псэр зэрыІэфІыр, гъащІэр зэрыльпІэр, лъагъуныгъэр зэрагъэщІэр щыхуэм зыхригъэщІащ. Абы лъэпкым, кьыщалъхуа щыналъэм хуиІэ гурыщІэр кьыщигъэльэгъуащ «Арщыдан», «Къэбэрдей-Балькъэр», «Адэжь лъахэ» усэхэм. А усэхэм гъэхуэду кьеджащ студентхэр. Абыхэм кьагъэлъэтуащ усэхэм традЫыкІа гушыІэ теплъэгъуэхэр. КъБКЪУ-м и «Амикс» уэрэджэщІалкІэ гупым зэІущІэр игъэдэхащ Джэдгъэфым и псалъэхэр зыщІалъ уэрэдзкэмкІэ.

Критик, публицист Кьхуэ-Іуфэ Хьэчим жиІащ: «Сэ Борис теухуауэ куэд схужьІэдыкъыхуэзыджэм. Дэфтэрым щыгъуазэ сызэрыхуэхъуу, «сыарэзщІ» жызоІэри, тхыгъэм си Іэр щІызодз. Мыгувэуи гъэзгу сытоиуэ, «ГДР-э жьауэІэу щытым ротэм и замполиту, полкым и партбюром и секретарым и къуэдзэу зыкъомрэ сыщолажьэри, щытхъу тхылъхэр сиІэу ди щІым кьызэІухьэзэж. СыкъызэщІэсысыжу, комсомолым и обкомым кьуажэ щІалэгъуалэм дэлэжьэныкІэ и къудамэм и унафэщІу сагъэув. Жьыдэжу сахуэвэ комсомол бригадзкэмрэ звенохэмрэ я кьызэгъэпэщакІуэхэм. Куэд дыдэ жысІэфынут я гъэпсыкІэм зэфІэдгъэкІахэм теухуауэ, ар-

хуэдэ псалъэмакъыр ноберей зэманым емызэгъэныжу кьыссфІощІ ахъумэ.

- Ари, щэч хэмылъу, Іуэхум хэлъщ. Ауэ кІэщІ дыдэу нэхъ мыхъумри, партым и обкомым уэзрыщІылэжьам и гугъу дымыщІу кьэдгъэнэнри сфІэемыкІыщ.

- КІэщІу жысІэнщи, партым и обкомым и етІуанэ секретарым и къуэдзэу сызэрыщытари си гуапэу сигу кьызоГъэкІыж. Садэлэжьащ Бабич, Мэлбахъэм, Ахъуэхъум, Къущхьэм, Щауэщыкіум, Бэрбэнэм - а щІыкІу Іуэзэджэхэм я цІэ-унэцІэ ящІ. Куэдми куэд дыдэ кьыжьаІэ. Парт школ нэхъыщхьэр кьэзуха нэужь, пщэрыпІэ кьысщІащи, си гуащІэ хэсэльхащ «трудодень» жьыуаІэу щытар гъэкІуэдыжьыным, колхозхэтхэми, рабочэхэм хуэдау, мазэ кьэс улахуэ кьахьу эзтеубгъаным.

- Ералым уэзрыщІамрэ щыблэжьамрэ, щэч хэмылъу, щІэджыкІакІуэм гъэщІэгъуэн къыщыхьунущ. Абыхэми дащыгъэгъуазэт.

- Партым «гъэзащІэ» кьыжьаІамэ, укъикІуэтынкІэ Іэмал иІэтэкъым. «Чрезвычайнэ комиссар» кьыссфІащри, Пермь щІыналъэм саутІыпщ, пхъэзэкІэхэр, псэуалъэхэр ухуэным кьыхуэщхьэпэнчэр ди республикэм кьишэнэр кьызэгъэпэщыныр си кьалэну. А щІыпІэм пэжьакІуэжьу, ди пІаэхэм микІауэ щІыху 500 хуэдиз кьыщыспэплъэрт. ПцІы хэмыльу, гугъу ехьащ ахэр: щыуиупщІ кьэс псэупІэу зы щІыунэ пашт яІэр. Уэздыгъэй мазым щыІэ уаер щытепщэт. Дауи иреХьуи, ди кьалэн мытыншхэр хьарзынэу зэфІэдгъэкІауэ щытащ.

Студентхэм зыкъагъэльагъуэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Тхыдэм и дэфтэр лъапІэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и дэфтэр фондым ихъумэ щыхьэт тхылъхэм Къэбэрдейм и тхыдэм теухуа куэд кьыІэхуащ. Аэр псори зэкъэІапІ XVIII Іэщіагъэуэращ.

СД ДИСКЫУ 111-м тетха щыхьэт тхылъхэр КъБР-м и дэфтэр Іуэхущапіэм кьритащ Дагъыстаным и Центральнэ къэралар хивым. Аэр абы щахъумэт Кьыслар и командант кавказ пщІыпІэмрэ генералгъэлІ-нант Девиц А. П. и канцеляриемрэ къащІэнаеу.

КъаІэрыхьа дэф тэрэхэм щІэныгъэлІхэм хагъуэтэнщ джыназ Долгоруков М. донышдэм хунгъэхьа ордержэм я копиехэр, нэгъуейхэмрэ адыгэпщэмрэ зэгухьу. Долэт-Дадэ Іуэхущ. Аварэ ирихьэну. Мэзаеу ятІонэрэ ирурысеидзэм теуэн мурадхэр зэрыщыІар къэзыгъэльагъуэ допросхэр, Къэбэрдей-зэрыт щытыкІэр бригадир Кольцов Петр щІызэпкърих рапортхэр, Бахъсэн, Къэщхьэжаг пар тхэм я зэхуаку дэпъа псалъэмакъым ихуэхуэ, конвой зэрагъэхьэзыр, ящІыгъуу зэрадагъу щІыкІэхэр кьызыхэщыжхэр, Урысеипэз кьрым хъанымрэ Къэбэрдейм щызэхуаІа зэхущытыкІэхэр зыхуэдэр кьэзыгъэпъэгъэжхэр, Къэбэрдей адыгэхэм Тыркымрэ Кьрымымрэ хуаІэ зэпыщІэныгъэхэр кьэзыхэтхэр, быдапІэхэр Къэбэрдейм щыуухуэным екъэІапхэр, нэгъэуэщІ Іуэхущ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и дэфтэр хьуманІэм кьыІэрыхьа щыхьэт тхылъхэр сэбэп хъунущ республикэм щыпсэу тхакІуэхэм я тхыдэр кууэ джыныкІэ, Къэбэрдей адыгэхэм Урысеим, Тыркум, Кьрымым, Кавказ Ищхъэрэм и пкъэпкъэм хуаІэ щхьэщхьэхэм хэтъа щэхуэщхьэхэр наІуэ щыныкІэ.

АБЕЙ Анзор,
КъБР-м и архивым и къудамэм и унафэщІ.

«Оазис» сату щыпІэм и лэжьакІуэ гуапэ хэм ящыщщ Капустян Светэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ

ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьищта Унафэ №305-ІІІ-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум хиубыдэ ухуэныгъэ щІэнщэу муниципальнэ мылькум хэгъэхьажжьэн

№ №	Ухуэныгъэм зэреджэр	ЗыдэщыІэ щІыпІэр	Баланс уаэр (сом мин)
	Бахъсэн муниципальнэ районым		
1	Цыхьэ 400 зыщІэхуэ Щэнхабзэ унэр	Куба къуажэ жылагъуэ, Ленины и уэрам, номер иІэкъым	54806,96
	Прохладнэ муниципальнэ районым		
2	Класс 20 зиІэ (школа кІуэ 480-рэ зыщІэхуэн) курыт школыр	Альтуд къуажэ жылагъуэ, Комсомол уэрам, 11	66485,47
Псори зэхэту:			121292,43

Экономикэ | Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Зэгурыіуэн папщІэ

● Абы дегъэпІейтей

Жылагъуэ зэгухьэныгъэ зыкъомым (Къэбэрдей Адыгэ Хасэр я пашэу) я унафэщІхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен хуагъэхьа тхыгъэм къыхэзыхыжымкІэ, шынагъэ щиІэ зыгъэпІэн хъунІэхэм ящыщу быхьэшхэу (гектар мин 200-м щІигъу) балъкъэр къуажэхэм зрагъэбыдыдІэныжмкІэ.

ТХЫДЭР щыхьэт зэрыгъэхъэушэн, а хъунІэхэр (Аурсэнтхи Хейманди хиубыдэу) ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм яІэщІэлъщ. Ауэ нэхъапэкІэми Совет властым и лъэхъэнэми ахэр, я зэхуэдэ мылъкуу къалъытэрэ, къагъэсэбэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм.

Побэ ди республикэм щыщыІэ хъуа щытыкІэр кьыхэщІагъэпІъэурэ, Къэрал Думэм хэт Залиханов М.Ч. зи пашэ балъкъэр сепаратистхэм жаІэ зи гугъу тщІа хъунІэхэр я лъэпкым ЩІэлъхъэн хуейуэ, Ар къуанщагъэ зыпылъ, Іэужь мыхъумыщІэхэр кьэзыкІэнхэу, хъуну хьэрэщагъэщ, кьэбгъэхъункІэ Іэмал зимыІэщ.

Ар къалъытауэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къагъэуэ хъунІэхэр балъкъэр къуажэхэм егъэбыдыдІэлэнымрэ, уасэхэм хагъэхьэжкІэ щІэгъэбыдэн хуейуэ».

Тхыгъэм белджылы кьеущ «О статусе и границах муниципальных образований в КБР» республикэ законри нэгъэущ унафэ щхьэхуэжэри щагъэхьэзырми кьыщащтэжи щІыпІэ депутатхэм, ІэщІагъэлІхэм щыгъагъэ зыбжанэ зэрагъэщІэкІар, ахэр гъэзэжІуэжьи зэрыхуейр. Сепаратистхэр хущІокъу хабзэубзыху, гъэзэщІакІуэ органхэм я зэгурымыІуэныгъэхэр, щыуагъэхэр кьагъэсэбэнымэ, кьуаншагъэ зыхэпэ, адыгэ пЪэпкЪыр зэи арэзы зытемыхуэну унафэхэр пхагъэкІыну.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхыгъэм кьыщыгъэгъэуащ республикэм зэгурыІуэ щыІэн папщІэ лэжьыпхъэхэр, хьэрэгъэшыгъэ кьэзыІэтыну хущІэкъухэм ящхъэращ жэуап зэрахьыпхъэр, щыхуэбэм и сэбэп зыхэпхъэр убзыхуэ, хьума хъун папщІэ кьыщатэ ІэщІэлъхьэпхъэр.

Зи Президентыныр зыуха Буш Джордж и адэ-анэр политикэ дэ жьакІуэт, США-м и Президент хьуа Обамэ Барак и адэр бжэныхьуэу щытащ. Урысейм и унафэщІхэм я гугъу пщІымэ, сыт хуэзэ Іэнатіэхэм

пэрыта я адэ-анэхэр?

Семенов А., *Сочи.*

УФ-м и Президент Мед дведев Дмитрий и адэ Анатолий Афанасий и кьуэр Іенсоевтым и цІэр зезыхьэ технологие институтым и профессору щытащ, и анэ Юлие Вениамин и пхуэр егъэджкІуэу ильэс кубджэгъэ ин игъэущ. Ар кьыщІэкІуэнкІэ Іэмал зимыІэ кьуаншагъэшхэущ. Щэч хэмылъу, Украинэм и президентым кьаІгъэ мыма-щІэхэр кьыпопльэ. Абыхэм «гъущэу» кьаХэкІыфми, ар щІэрыщІэу президенту хахьжынкІэ щІэгугъэн лъэпкъ щыІэжкІым.

Газетэм ятх спортсменхэр (псом хуэмыцуэ гимнастхэр) я ныжьыр «хагъахьэуурэ», дэфтэр нэпцІэхэр хуэзэгъэпэшуурэ... зэхьэзэхуэшхуэхэм зэрыхагъэхьэр, Апхуэдэ хьэгъэщагъэр сэтей щхьэ кьахуэмыщІри?

Лушенкэ Г., *Химки.*

